

# **CONFERENCE DES EVEQUES CATHOLIQUES DU BURUNDI**

## **Secrétariat Général**

### **ITANGAZO RISOZERA INAMA Y'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI YO MURI KIGARAMA 2017**

1. Kuva kw'igenekerezo rya 5 gushika ku rya 8 Kigarama umwaka w'2017, Abepiskopi gatolika b'i Burundi barahuriye hamwe mu nama yabo isanzwe yo mu kwezi kwa Kigarama, mw'Iseminari nkuru y'i Gitega yitiriwe umweranda Yohani Paulo wa II.
2. Muri iyo nama, ubwa mbere bararabiye hamwe ivyerekeye ubuzima bw'Ekleziya mu ma Diyoseze yose, be n'ubw'ighugu muri rusangi.

Mu vyerekeye ubuzima bw'Ekleziya, Abungere barashimishijwe n'ingene Umunsi mukuru wa Kristu Mwami witeguriwe neza mu ma paruwase yose. Nkako hararinganijwe igisabisho c'iminsi icenda imbere y'uwo munsi mukuru wama ushika ku munsi w'Imana wa nyuma w'umwaka wa liturjiya, ugaha urwaruka ruri mu mihari y'ubutumwa bw'Ekleziya gatolika, akaryo ko gukabura ukwemera kwarwo be n'umutima wo kwitangira Ekleziya. Bisubiye, abungere bacu barashikirije ingene bagiye barugurura icese umwaka mushasha w'ubutumwa. Ikindi Abungere bacu bashimye caranguwe, ni ihmibazwa ry'umunsi mukuru mpuzamakungu wahariwe aboro, ryabaye igenekerezo rya 19 Munyonyo 2017. Ngaha iwacu mu Burundi, uwo munsi mukuru wabaye akaryo k'ugusabira no kugarukira ku mirwi imw'imwe iri mu bukene butandukanye. Hanyuma, Abungere bacu barakeje bongera barakengurukira Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ngozi kuko ihmibazwa ry'Umusi Mukuru wa Kristu Umwami ryamubereye akaryo keza ko gushikiriza icese amateka y'Inama yambere y'Umuryango wa Diyoseze ya Ngozi.

Ku vyerekeye ingene Abarundi babayeho muri ibi bihe, Abepiskopi bacu baragaragaje umwitwarariko batewe n'inzara iri nka hose, kubera ihindagurika ry'ibirere ryatumye imvura iteba kugwa, hanyuma aho igwiriye naho, hamwe hamwe ikaza ari isegenya, irimwo mbere n'ighuhusi be n'urubura.

Ntibibagiye no kwerekeza amaso i Arusha, hari hakoraniye Abanyepolitike mu biganiro vyo kugerageza kwumvikana ngo igihugu cacu kive mu ndyane ziri hagati yabo. Mu guhanahana ijambo, Abepiskopi barumvise ko bose basangije icipfuzo c'uko ivyo biganiro vyovyara koko umwumvikano. Mugabo ikibabaje n'uko basozereye inama yabo baciye bumva yuko uwo mwumvikano utashobotse.

3. Bahejeje kuvugana ivy'ubuzima bw'Ekleziya n'ighugu muri iki gihe, Abepiskopi baciye bahebera umwanya ukwiye ibikorwa nyamukuru vyari bitegekanirijwe iyo nama yabo. Icambere muri vyo kikaba cari ico gутегура indinganizo igenga indero n'inyigisho vy'abitegurira kuba abasaserdoti be n'ihugurwa ry'abamaze kwatirwa muri iryō banga. Mu vy'ukuri kwari ugushishikara igikorwa bari baratanguye, bisunze ibishasha biri mu ndinganizo nshingiro iherutse gushikirizwa n'abajewje ubutumwa bw'iyo ndero n'inyigisho ku Kirimba c'Umuvyeyi Papa. Babonye batari bushobore gusozerwa neza ico gikorwa mu mwanya w'iyo nama bagize, baciye bafata ingingo yo gushinga umugwi muto w'Abasaserdoti bacunganira mu gusoma no gutosora neza urwandiko rw'iyo ndinganizo imbere yuko abo Bungere barwemeza. Hanyuma y'aho Abepiskopi baciye bicarira ukwihweza ingene ubutunzi bw'amaseminari makuru yose uko ari ane bwacungerewe mu mwaka w'indero uheze w'2016-2017.

4. Bavuye kuri ivyo bibazo nyamukuru vyerekeye indero n'inyigisho vy'abaseminari be n'ihugurwa ry'abasaserdoti, Abepiskopi baragarutse ku kibazo c'umugambi wo gutanguza Ishure kaminuza gatolika mu Burundi, baratomora urukurikirane rw'intambwe bategerejwe kwitwararika kugira ngo uwo mugambi uranguke. Hariho rero n'ibindi bibazo bitobito vyari biramutse bahavuye bakihweza imbere yuko basozera inama yabo, bipfurizanya ivyiza vyinshi vy'umutima muri iki gihe c'Ubushikiro be n'ukuzohimbazanya igishika co kuyoboka Imana Umusi mukuru rutura wa Noweli wimirije.

Bigiriwe i Gitega kuwa 8 Kigarama 2017.

Kubw'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi

¤Yohakimu NTAHONDEREYE

Umwepiskopi wa Muyinga, Umukuru w'Inama  
y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi.